



Enstriksyon Jeneral Vaporizatè Nikotin pou Nen yo

1. Pa janm eseye fimen pandan w'ap itilize vaporizatè nikotin pou nen an. Sa ka lakòz ou santi ou yon ti kras tèt vire ak anvi vomi.
2. Pa itilize li plis ke senk fwa chak inè oswa 40 fwa chak 24 è.
3. Sèvi ak yon sèl espre pou chak twou nen

Etap 1: Amòse Poup lan

Sa dwe fèt avan premye itilizasyon chak nouvo boutèy

- Retire bouchon ki peze ti sèk yo ki sou kote boutèy la.
- Jwenn yon twal oswa papye.
- Kenbe boutey la epi peze sou anba ak yon pous. Ponpe li nan twal jiskaske ou wè yon ti lè sòti nan espre a (twa a kat fwa).
- Jete twal yo.
- Chak boutèy espre nan nen gen apeprè 100 dòz (200 espre), men amòse li twòp ap diminye kantite medikaman ki disponib pou itilize.
- **Evite amòse li twòp.**



Etap 2: Itilize Vaporizatè Nikotin pou Nen

- Mouche nen ou si li sal.
- Enkline tèt ou yon tijan pa dèyè. Mete pwent boutèy lan nan twou nen an.
- Respire nan bouch. Flite nan chak twou nen. Pa santi, vale oswa respire nan nen pandan wap flite.
- Tann de a twa minit avan pou mouche nen.
- Mete tèt la nan boutey la apre li fin itilize. Konseve li nan tanperati anbyan (anba 86° degrees F) kote timoun pa jwenn li.

Etap 3: Règ sou Itilizasyon

- **Itilize chak jou**
- **Ou ka itilize chak èdtan pandan w ap reveye, plis si ou bezwen.**
- **Maksimòm 40 dòz chak jou / Maksimòm 5 dòz nan 1 èdtan.**